

15

jijè

Bondye va bay chak moun sa yo merite dapre travay yo fè. 1 Korentyen 3. 8

Mèt la di l : sa se bèl bagay. Ou se yon bon domestik ki travay byen. Paske ou fè ti travay sa a byen m ap mete ou responsab pi gwo zafè toujou. Vin fè fèt ak mèt ou. Matye 25. 21

Dekorasyon

Prezidan ak minis yo mete ansanm pou yo bay chak ane yon seri dekorasyon pou ankouraje moun yo jije ki te byen travay, yo fè sa nan tout kalite disiplin ak pwofesyon. Nan jou seremoni an, moun sa yo kanpe devan gwo otorite yo ki tache yon bèl meday sou pwatrin yo. Otorite yo bay moun sa yo bèl akolad ak felisitasyon. Laprès rapòte evènman sa a, e fè foto moun yo pou l enfòmè piblik la.

Kretyen yo gen yon mèt, e yo gen privilèj sèvi li tou. Pi plis pase otorite nan monn sa a, Mèt nou an ap veye jan nou fidèl nan travay li ba nou fè pou li a. Li wè, Li konnen tout bagay, e Li pap bliye anyen nan sa nou fè pou li. Li va konnen, Li menm se bon jij (Ebre 11. 6), l ap rekonpanse bon travay ou yo.

Nan tout sa ki depann de jijman lòm, li ka toujou gen enjistis : yo ka bay moun rekonpans ki pa merite l, epi moun ki merite rekonpans lan, yo pa bay li. E byen ! Si nan mond lan se konsa l toujou ye ? Kris li menm, lè li va bay moun pa li yo rekonpans, li pap ka fè okenn erè. Li va rekonpanse jan sa dwe fèt la tout travay yo te fè pou li.

Menm si Kris mansyone l ap rekonpanse moun k ap travay pou li yo, se pa sa a ki ankouraje kretyen yo sèvi Mèt la. Men, se paske yo renmen Mèt la ki fè y ap travay pou li, ak rekonesans sa li fè pou yo.

Ki sa nou ta pi renmen pase konsantman Mèt la ?

15 juillet

Chacun recevra sa propre récompense selon son propre travail. 1 Corinthiens 3. 8

Son maître lui dit : Bien, bon et fidèle esclave ; tu as été fidèle en ce qui est peu, je t'établirai sur beaucoup : entre dans la joie de ton maître.

Matthieu 25. 21

Décorations

Le chef d'État et les ministres décernent chaque année un certain nombre de décorations aux personnes méritantes dans toutes les disciplines ou professions. Au jour fixé pour la cérémonie, celles-ci se tiennent devant les hautes autorités qui épinglent une médaille sur leur poitrine, leur donnent l'accolade et les félicitent chaleureusement. La presse rend compte de l'événement avec photos à l'appui.

Les chrétiens ont un Maître qu'ils ont le privilège de servir. Bien plus que les autorités de ce monde, notre Seigneur est attentif à la fidélité des siens. Il voit, sait tout, et n'oublie rien de ce qui est fait pour lui. Il saura, lui le juste Juge (Hébreux 11. 6), les récompenser un jour.

Dans tout ce qui dépend du jugement des hommes, il peut y avoir des injustices : des récompenses données à tort, d'autres non attribuées à des personnes qui les auraient méritées. A l'opposé des distinctions humaines, la récompense que le Seigneur prépare à chacun des siens ne sera le résultat d'aucune erreur ; elle rétribuera exactement tout ce qui aura été fait pour lui.

Toutefois, si la récompense est mentionnée pour encourager le croyant, ce n'est pas pour elle qu'il travaille, mais bien par amour et reconnaissance envers son Seigneur.

Que désirer de plus que l'approbation du Maître ?